**МУ «Отдел образования Ножай-Юртовского муниципального района»**
**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА С. ГАНСОЛЧУ»**
**(МБОУ «СОШ с. Гансолчу»)**

**МУ «**Нажи-**Йуьртан муниципальни кIоштан дешаран урхалла»**
**Муниципальни бюджетни йукъардешаран хьукмат**
**«ГIАНСОЛЧУ ЙУЬРТАН ЙУККЪЕРА ЙУКЪАРДЕШАРАН ИШКОЛ»**
**(МБОУ «ГIансолчу йуьртан йуккъера йукъардешаран ишкол»)**

| | |
|---|---|
| Рассмотрено: | Согласовано: |
| На заседании МО гум. цикла: | Зам директора по УВР |
| _____________ | |
| ______________________ | ___________________ |
| Протокол №____ | |
| от «_____»________2022г. | «___»_________2022г. |

.

# Фонд оценочных средств по чеченскому языку и литературе

# 5-6 классах

**2022-2023  учебный год.**
**с. Гансолчу**
**2022 г.**

**Составитель: Инуркаева П.Р.**

**учитель чеченского языка и литературы**

# V-VI классийн дешархойн барта хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:

**Дешархойн барта хаарийн мах хадоран критериш.**
**1. Дуьззина а, нийса а жоп далар.**
**2. Хаарийн кхетаман барам хилар.**
**3. Нохчийн литературин меттан норманаш ларъеш жоп далар.**

**«5» дуьллу:**
1амийна материал, кхета а кхеташ, юьззина схьайийцахь; материалах пайдаэца хаахь, шен масалш далош; нохчийн литературин меттан норманаш лар а еш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йийца хаахь.
**«4» дуьллу:**
1амийна материал, кхета а кхеташ, юьззина схьайийцахь; шен масалш далош, материалах пайда оьцучу хенахь, цхьа-ши г1алат далийтахь, юха ша уьш нис а деш; нохчийн литературин меттан норманаш лар а еш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший юьйцучу хенахь ши-кхо кхачамбацарш хилахь.
**«3» дуьллу:**
1амийна материал, г1алаташ деш, юьззина схьа ца йийцахь; материалах пайда оьцучу хенахь, шен масалш ца даладахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца еш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший юьйцуш ца хилахь.
**«2» дуьллу:**
1амийначу материалан коьрта чулацам ца хаахь; материалах пайдаэца ца хаахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца еш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший юьйцучу хенахь г1алаташ дийлийтахь.

Дешархочун балха т1ехь г1алат лара деза, барта луш долу жоп муьлхха а бакъо талхош хилахь.
Дешархочун балхана «5», «4», «3» дуьллу, нагахь санна урокан йохаллехь барта жоьпаш луш, жигара дакъа а лаьцнехь, цуьнан балхана таллам бича, бакъонех пайдаэца хиънехь.

**V-VI классийн дешархойн диктантийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъехь.**

**1.**Диктантехь орфографчески а¸ пунктуационни а г1алаташ къаьст- къаьстина лору¸ оценка юкъара юьллу.

**2.**Диктантана **«5»** дуьллу¸нагахь цхьа а орфографически г1алат дацахь я цхьаннал сов пунктуационни г1алат ца хилахь.

**3.«4»** дуьллу¸кхааннал сов орфографически а¸щиннал сов пунктуационни а г1алат ц хилахь(я шиъ орфографичесски¸кхоъ пунктуационни г1алат хилахь).

**4 «3»** дуьллу¸ялханнал сов орфографически а¸пхеаннал сов пунктуационни а г1алат ц хилахь (я 5 орфографически¸ 5 пунктуацонни а г1алаташ хилахь).

**5. «2»** дуьллу¸ иттанал сов орфографически а¸ пхеаннал сов пунктуационни а (я барх1аннал сов орфографически а¸ ворх1аннал сов пунктуационни а) г1алаташ ц хилахь.

**6. «1»** дуьллу¸ нагахь **2** дуьллучул г1алаташ сов хилахь.

**Дешархочун балха т1ехь г1алат лара деза¸орфографически а¸ пунктуационни а¸ муьлхха а бакъо талхош¸диктант язъялле оццу классехь я цул лахарчу классашкахь 1амийначух иза хилахь.Нагахь санна талламан диктантехь 5 ша дина нисдарш хилахь( нийса цаяздинарг нийсачуьнца хийцина оценка цхьана баллана лаг1йо иштта оцена «5» ца дуьллу¸диктантехь 3 я цул сов нисдарш хилча.**

## Оценка юьллуш, ца лоруш дуьту:

**1**.Программехь йоцу я 1амийна йоцу орфографин а, пунктуацин а бакъонаш талхош долу г1алаташ (масала, v-чу классехь хандешан карарчу а, яханчу а хенийн чаккхенаш нийсаязъяр, спряженешкахь хандешнийн нийсаяздар, подлежащиний, сказуеминий юккъехь тире йиллар-цайиллар ца 1амадо. Уьш VI а, VII а, VIII а классийн программехь ю).

**2**.Тилкхаздаьлла г1алат (описка) лору, масала, белхало хила дезачохь белхано яздинехь, 1уьйре хила дезачохь 1уьйле яздинехь.

**3**.Нохчийн маттахь зевне мукъаза **й** (йот) яздар, масала: йоза хила дезачохь еза яздахь, йог1у (ег1у), юьртахь (йуьртахь), юьгу (йуьгу) яздахь.

**4**.Орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш яздар, масала: исс – иссалг1а – уьссалг1а, итт – итталг1а – уьтталг1а.

**5**.Къовсамечу меттигашкахь чолхечу дешнийн нийсаяздар, масала: пайдаэцар – пайда эцар, нийсаяздар – нийса яздар, г1одар – г1о дар и. д1. кх.

**6**.Дешнашкахь дифтонгаш язъяр: къега – къиэга, терса – тиэрса, оза – уоза, еха – йиэха, и. д1. кх.

**7**.Ц1ердешнийн къовсаме яздар: стогалла – стагалла, мох – мохан – механ – махан, морха – марха и. д1. кх. а.

**8**.Дешархоша далийтинчу г1алаташна юкъара даккхий а, кегий а г1алаташ къесто деза.

**Даккхий г1алаташ лору:**

1. Хьалхенца 1амийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографически, пунктуационни бакъонаш талхош долу г1алаташ.

2. Мукъазчу элпашна юккъе яздеш долу къасторан хьаьркаш, масала*:* х1аллакьхилла, меттахъхьайра.

3. Дешхьалхенца йолчу я чолхечу инфинитиван суффиксийн язъяр.

4. Хандешнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн яздар (оху-охуна я охана, тоьгу-тоьгуна я тоьгана).

5. Хандешан ихначу хенан язъяр, масала:бохура я бахара, моьттура я моттара.

6. Кху кепара ц1ердешнийн яздар:дечиган я дечган, эчиган я аьчган.

7. Ц1ердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина т1еэцна йолчу яцйинчу а, юьззинчу а форманийн язъяр, масала: г1уллакх я г1улкх, г1иллакх я г1илкх.

**Дешархочун балха т1ехь цхьамог1а (кхоъ я цул сов) цхьана бакъонна нислуш г1алаташ хилахь, диктантана оценка лакхаяккха мега, масала, дешан чаккхенга н яздарехь, доца шеконан элпаш (а,и,у) яздарехь**
**Комплексни талламан белхашкахь¸диктантах а¸т1едилларех а (фонетически¸лексически¸орфографически¸грамматически¸пунктуационни) лаьттачу¸ши оценка юьллу-х1ора балхана шен-шен**

## Т1едилларийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:

**«5»дуьллу¸массо а т1едиллар нийса кхочушднехь;**
**«4»дуьллу¸т1едилларийн ¾ дакъа нийса динехь;**
**«3»дуьллу¸болх ах я цул сов нийса бинехь;**
**«2»дуьллу¸болх эханал к1езиг бинехь;**
**«1»дуьллу¸цхьа а т1едиллар кхочуш ца динехь.**

**Билгалдаккхар:**
**Орфографически а¸пунктуационни а г1алаташ¸т1едиллар кхочушдарехь дина долу¸диктантан мах хадош лору.**

**V-Vl классашкахь ечу талламан диктантийн мах хадор.**
**Диктант-**иза орфографех а¸пунктуацех а долу хаарш талларан кеп ю.
Талламан дешнийн диктанто зоь кхета йолу орфограммаш.Иза хила йиш ю х1окху дешнийн барамехь;

5 класс-15-20 дош
6 класс-20-25 дош
Дешаран шеран 3-чийрикехь V-Vl классийн дешархошна лучу диктантан лучу гергарчу хьесапера барам кху кепара хила магийна:
V классана-80-90 дош
V1 классана 90-105 дош

**(Дешнаш дагардеш лору г1уллакхан дешнаш а)**
Текст хоржуш,кху некъех пайдаэца беза:
1.Диктантан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а,х1инцалерачу литературни меттан лехамашца юьззина нийса йог1уш а хила еза.
2.Диктантан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза.К1еззиг лелош а,девзаш доцу а дешнаш доски т1е д1аяздо.
3.Диктантан текстехь хала дешнаш хилахь,цу дешнийн нийсаяздар дешархоша 1амийна а дацахь,и дешнаш доски т1е д1аяздо.
4.Текст йоьшучу хьехархочо д1аешаар литературни нийса а,муха яздан деза,дешархошна д1а ца хоуьйтучу кепара а хила деза.Масала,к1айн,1ежиийн,халкъан бохучу дешнашкахь,литературни аларан норманашца цхаьана а дог1уш,чаккхенгара н ца олу.
5 l-чийрик чекхдаллалц(5 классехь хьалхара эхашо) текстан барам кхул хьалхарчу классехь хилларг магабо

**Талламан дешнийн диктантан мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъехь;**
«5»дуьллу,цхьа а г1алат дацахь;
«4»дуьллу,1-2 г1алат хилахь;
«3»дуьллу,3-4 г1алат хилахь;
«2»дуьллу,7 кхаччалц г1алат хилахь;
«1»дуьллу, 7 сов г1алат хилахь.
Дешархоша кхочушбинчу ненан меттан йозанан белхашна х1итточу оценкийн ч1аг1йина норманаш лелоро г1о дан декхар ду ненан мотт хьехаран говзалла лакхаяккхарна а,1аморан а,талларан а кепара болчу йозанан белхийн лехамаш цхьанакепара хилийтарна а.
Дешархойн хаарийн мах хадорехь коьра йолчу цхьанакепара йолчу оценкийн норманаша хьехархо мукъа ца вуьту х1ора йозанан белхан мах,массо а аг1о лоруш,шен-шен башхаллашца хадоран хьехархо декхарийлахь ву,г1алаташ а,церан масалла а тидаме эцна ца 1аш,кхочушбинчу белхан дикалла а,г1алатийн башхалла а тидаме эца.
Х1ора дешаран шо долалуш хьалхарчу четвертехь талламан белхан (диктантан) текстехьдешнийн дукхалла д1адахана дешаран шо чекхдолуш хиллачу талламан белхан дешнийн дукхаллехь маго еза.Ненан маттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна,нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

## ll.Изложенийн мах хадор.

Сочинени а, изложени а язъяр дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш (форманаш) ю.
5-6 классашкахь сочинени, изложени язъяр д1ахьо «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан т1едахкаршца дог1уш.

### Сочинени а, изложени а язъярехь толлу:

**1**.билгалйина тема схьаелла хаар;
**2**.темица а, хьесапца а дог1уш меттан г1ирсех пайдаэца хаар;
**3**.меттан барам а, нийсаяздаран бакъонаш а ларъяр.

Сочиненн а, изложенин а мах хадабо шина оценкица: хьалхарниг чулацамна а, меттан говзаллина а; шолг1аниг-нийсаяздарна а, сацаран хьаьркаш яхкарна а, дешнаш маь1ница нийса далорна а.

**Сочиненин а, изложенин а чулацаман мах хадабо кху бакъонашна т1едоьг1на:**

**1.**болх темица богlуш бу я бац;
**2.**тема кхачо йоллуш схьайиллина ю я яц;
**3.**чулацаман хиламийн рогlалла нийса ю я яц;
**4.**меттан исбаьхьаллин басарех пайдаэцна я ца эцна;
**5.**къамелан кхачамбацарш ду я дац.

Нийсаяздаран мах хадабо дешархочо динчу нийсаяздаран, сацаран хьаьркаш яхкаран, грамматически г1алаташка хьаьжжина.

Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетамца-кхиоран, 1аморан маь1на долуш а хила еза.

## Изложенина текст харжа еза кху барамашкахь:

V-классана – 100-120 дош
VI- классана – 150-200 дош

## Талламан изложенина хаьржина текст хьехархочо шозза йоьшу. Изложенина х1итточу оценкийн кху норманашкара куьйгалла эцар ца хилча ца торуш ду:

**1.«5» дуьллу:**

а) нагахь изложенин текст хьалха-т1аьхьа нийса а, юьззина а, цуьнан идейни чулацамах нийса кхетош а, г1алаташ доцуш а, галдаькkхина х1ума доцуш а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, цхьаннал сов орфографин я пунктуацин г1алат а дацахь.

**2.«4» дуьллу:**

а)нагахь идейни чулацам нийса а бийцинехь, дуьйцучу г1уллакхийн ерриге коьрта меттигаш г1алаташ доцуш а, хьалха-т1аьхьа хила оьшучу кепара а йийцинехь;

аь) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, орфографин кхаа а, пунктуацин шина а г1алатал сов уьш ца хилахь.

**3.«3» дуьллу:**

а) чулацам коьртачу декъана нийса а бийцинехь, бакъдерш гайтарехь цхьаъ-шиъ нийса йоцу меттиг а елахь, хьалха-т1аьхьа г1уллакхаш дийцарехь ладам боццу ледарлонаш а ялийтинехь;

аь) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь деаннал сов г1алат дацахь, ялханнал сов орфографин а, деаннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь.

**4.«2» дуьллу:**

а) чулацам кхачаме боцуш а бийцинехь, бакъонца йолу материал хьалхат1аьхьа нийса йийцарехь яккхий ледарлонаш а, нийса йоцу меттигаш а елахь;

аь) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь ялханга кхочуш г1алат динехь;

б) дейттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат далийтинехь, царна юкъахь иссаннал сов доцуш орфографин г1алат а долуш.

Изложенина ши оценка юьллу: хьалхарниг грамматикана, шолг1аниг литературина.

## II.Сочиненийн мах хадор

5-9 классашкахь язъечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:

5 классехь-0,5 я 1,0 аг1о;

6 классехь-1,0 я 1,5 аг1о;

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаадеза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:

**1)**дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;

**2)**сочииненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар**.**

1. **«5»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;

аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин я пунктуацин г1алат хилахь.

2. **«4»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;

аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

3. **«3»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь пхеаннал-ялханнал сов г1алат дацахь;

аь) пхеаннал сов орфографин а, ялханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

4. **«2»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;

аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна юкъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

**Сочиненина ши оценка юьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.**

Ненан меттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1ттийна¸ нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

# МХГ1Ф паспорт.

**Нохчийн мотт  5 класс.**

| **Рог1.№** | Мах хадоран г1ирсан ц1е | Дата |
|---|---|---|
| **1.** | Талламан болх | 14.09.22 |
| **2.** | Талламан болх | 24.10.22 |
| **3.** | Сочинени | 17.11.22 |
| **4.** | Талламан болх | 19.12.22 |
| **5.** | Изложени | 19.01.23 |
| **6.** | Сочинени | 09.02.23 |
| **7.** | Изложени | 02.03.23 |

# Талламан

# Белхаш



**Изложени**

**«Майра хьаша»**

Г1алара хьаша веара тхо долчу.Эльберд яра цуьнан ц1е. Мел жима велахь а,хьаша хьаша ма ву,нохчийн г1иллакхехь ма-хиллара,иза лорура,тхешан хуьлу там бора оха цунна .Тхо цецдохуш,тамашийна амал яра цуьнан: ловза вог1уш а ц1ена бедарш юхура,тхоьгат1ехула хьоьжура,ша массарел воккха ,хьекъале хеташ.

Шена юькъачу хьаннашкахь гинарг,т1аккха яккхийчу г1аланашкахула лелар дуьйций,багош г1иттийначохь дуьтура цо бераш.Иштта дийцира цо цхьана дийнахь ша хьуьнхахь текхарг муха лецира.

Х1орш,цхьа тоба бераш ,лам т1е хьаладевлла хиллера .Ловзуш, г1овг1анца д1адоьлхуш,кхарна хьалхха, шок тоьхна ,т1еболабелла цхьа къорза лаьхьа.Эльберда х1умма воха а ца вухуш,ког т1е а биллина ,багара мотт шина ч1ешалгаца оззийна схьабаьккхина…

…Тхо дерриш ловзуш дара эвла йистехь . Цхьана хенахь тхан хьешан ирча мохь белира: «Вай,мама!»-аьлла.Ког лаьттах ца кхеташ д1аиккхира иза. Д1а т1едахара тхо ,х1ун хилла техьа, аьлла .1абдулла ву цхьа ткъа жима текхарг когаца юьйш воллуш.

-Ой,Эльберд,юькъачу хьуьнхахь боккхачу д1аьвшечу текхарган багара мотт баьккхина волу хьо, х1окху жимчу х1уманах х1унда кхеравелла?-бехк баьккхира оха.

-Хьанна хаьара и,-бехказа вуьйлура «майра хьаша»,-суна гинарг-м ворданан г1уркх санна боккха лаьхьа бара.

3.Дагахь сецнарг д1аяздойту дешархошка. Тетрадаш схьагулдо.
4. Даккхий къамелаш а, аьшпаш биттар а, цкъа мацца а даьлла, гучудолуш хиларх дешархой кхетор.
5 Рефлекси .
6 Ц1ахь бан болх: Бакъонаш карлаяха,Даймохк,мостаг1- дешнашна фонетически къастам бан.

А.

**1.Х1уманан билгало гойтучу къамелан декъах…олу.**

1)ц1ердош 3)терахьдош
2)билгалдош 4)ц1ерметдош

**2.Х1уманан дар я хилар гойтучу къамелан декъах…олу.**

1)хандош 3)терахьдош
2)билгалдош 4)ц1ерметдош

**3.Ц1ердешан¸ билгалдешан ¸терахьдешан метта лелачу къамелан декъах…олу.**

1)хандош 3)терахьдош
2)билгалдош 4)ц1ерметдош

**4.Х1уманан масалла я рог1алла гойтучу къамелан декъах…олу.**

1)ц1ердош 3)терахьдош
2)билгалдош 4)ц1ерметдош

**5.Къамелан дакъа нийса билгалдина дац х1окху дешнийн:**

1)цуьнан, тхайниг,сан-ц1ерметдешнаш ду,
2)ненан,1уьйренан,хазаниг-ц1ердешнаш ду,
3)нене,1уьйрено,хазалла-ц1ердешнаш ду,
4)шолг1аниг,иттех,пхи-ялх-терахьдешнаш ду.

**6.Билгалдаха чолхе терахьдешнаш.**

1)ткъе итт,б1е кхойтта,ши эзар
2)дезткъа,кхойтта,кхузткъа
3)доьалг1а,пхоьалг1а,б1озза

**7.Х1ара тайпанаш терахьдешнийн ду:**
**(дуьззина д1аязде)**

1)мухаллин,юкъаметтигаллин,…
2)масаллин,рог1аллин,…
3)яххьийн,дерзоран,…

**8.Караде г1алаташ**.

1)ялхийтта,вуьрх1ийтта,берх1ийтта,
2)шийтта,дейтта,пхийтта,
3)доьалг1а,пхоьалг1а,б1озза

**9.Билгалдешнаш хуьлу:**

1)юкъара,долахь,
2) цхьалхе,чолхе,х1оттаман,
3)лааме а, лаамаза.

**10.Схьалаха хенашца нийса хийцина хандош.**

1)деша,доьшу,дийши,дийшира,дешна,дешнера,доьшура,доьшур,доьшур ду,
2) деша,доьшу,дийши, дешна, дешнера,дийшира,доьшура,доьшур,доьшур ду,
3)деша,доьшу,доьшура,доьшур,доьшур ду,дийши, дийшира, дешна, дешнера,

# Талламан болх

**«Бекъа. »**

Дешаран шо чекхделира. Т1екхечира аьхкенан каникулаш. Хьуьсен Идрис волчу бригаде балха вахара. Сатоссуш хьала а г1оттий, бекъа 1амо волалора иза.
«Казбек, схьало ког! Казбек, гора х1отта! »-бохуш 1амайора Хьуьсена иза.
Инзаре дара Хьуьсен дуьхьхьара цунна т1ехууш. Бекъо охьатоьхна лазорна кхоьруш, наха т1ехаа ца вуьтура иза.
Амма к1ант кхоьруш вацара. Бекъан амал дика евзара цунна. Дуьрстанан гаьллаш бага а йоьхкина, бекъа керта юххе а оьзна, т1ехиира Хьуьсен. Казбек т1ехьарчу когаш т1е ира а х1уьттуш, готийсаелира. Вехха идийра цо иза, амма Хьуьсен ч1ог1а 1ара говрахь. Дика хаьара цунна говраца шен дег1 лело….

(90 дош. Х. -А. Берсанов. «Вайн махкара акхарой а, олхазарш а. ) Грамматически т1едахкарш. 1. ) *3-чу абзацера схьаязде:* 1-ра вариант-*ц1ердешнаш.* 2-г1а вариант- *билгалдешнаш.* 2. ) *К1ел сиз хьаькхначу дешнийн дожарш билгалде.*

# Талламан болх

## «Зайнди»

Аьхкенан юккъера бутт т1екхечира. Цу баттахь къаьсттина денош довха дог1ура. Еарин дийнахь сахуьлуш г1аьттина Бисолта мангал хьакха вахара. Цу дийнахь луларчу юьртахь базар яра. Кхо герга даьтта а эцна, Аруха цу базара яха елира. Цо ша базар яхале дуккха а г1уллакхаш дехкира Зайндина т1е….

Бода къовлалуш, еана ц1а кхечира Аруха. Цунна шайн кертахь хилла къаьхьа де гира.
Д1асахьежарх, мохь тохарх, Зайнди-м ца каравора…

Бисолтий, Арухий дукха хан ялале, шаьшшинна суьйренан х1ума а йиъна, охьадижира. И шиъ башха Зайнди лаха сингаттам болуш а дацара.

(83 дош. Бадуев С. )
Грамматически т1едиллар. *Синтаксически таллам бе.*
1-ра вариант-*1-ра предл*.
2-г1а вариант-*2-г1а предл*

# Талламан болх

**«1а»**

1а 1аламехь уггар шийла хан ю. Муха хуур ду, 1а доьлча? Халкъо олуш ду: «Малх ц1а кхаьчча, 1а дулу». Иза нийса ду. Де уггар дацделла хан хуьлу иза. Цул т1аьхьа дог1у масех де кхин хийца ца луш латтта. И денош д1адевлча, де дахдала долало. 1аьнан уггар шийла цхьа мур хуьлу. Цунах чилла олу. Чилла юлу 1а доьлла ткъа де д1адаьлча. Иза шовзткъа дийнахь-бусий латтта. Чиллахь, г1айба санна, т1е ло а диллина, массо генаш латтта х1уьттуш букардахна хуьлу дитташ, коьллаш. 1аьнан хьун, хьежа ца к1ордош, исбаьхьа хаза хуьлу. Х1аваъ ц1ена саде1а атта долуш.

(94 дош. Хь. Хасаев. «1аьнан чиллахь. »)

Грамматически т1едахкарш.

1. ) *Билгалдаха деха мукъа аьзнаш*. (Кеп. Шийла)

2. ) *Схьаязде*:

1-ра вариант-*мукъаза шалха ши элп ул-уллохь латтташ долу дешнаш.*

2-г1а вариант -*шала мукъаза элпаш шайца долу дешнаш.*

# Фонд оценочных средств 5 класс

**Изложени «Майра хьаша»**

Г1алара хьаша веара тхо долчу.Эльберд яра цуьнан ц1е. Мел жима велахь а,хьаша хьаша ма ву,нохчийн г1иллакхехь ма-хиллара,иза лорура,тхешан хуьлу там бора оха цунна .Тхо цецдохуш,тамашийна амал яра цуьнан: ловза вог1уш а ц1ена бедарш юхура,тхоьгат1ехула хьоьжура,ша массарел воккха ,хьекъале хеташ.

Шена юькъачу хьаннашкахь гинарг,т1аккха яккхийчу г1аланашкахула лелар дуьйций,багош г1иттийначохь дуьтура цо бераш.Иштта дийцира цо цхьана дийнахь ша хьуьнхахь текхарг муха лецира.

Х1орш,цхьа тоба бераш ,лам т1е хьаладевлла хиллера .Ловзуш, г1овг1анца д1адоьлхуш,кхарна хьалхха, шок тоьхна ,т1еболабелла цхьа къорза лаьхьа.Эльберда х1умма воха а ца вухуш,ког т1е а биллина ,багара мотт шина ч1ешалгаца оззийна схьабаькккхина…

…Тхо дерриш ловзуш дара эвла йистехь . Цхьана хенахь тхан хьешан ирча мохь белира: «Вай,мама!»-аьлла.Ког лаьттах ца кхеташ д1аиккхира иза. Д1а т1едахара тхо ,х1ун хилла техьа, аьлла .1абдулла ву цхьа ткъа жима текхарг когаца юьйш воллуш.

-Ой,Эльберд,юькъачу хьуьнхахь боккхачу д1аьвшечу текхарган багара мотт баьккхина волу хьо, х1окху жимчу х1уманах х1унда кхеравелла?-бехк баьккхира оха.

-Хьанна хаьара и,-бехказа вуьйлура «майра хьаша»,-суна гинарг-м ворданан г1уркх санна боккха лаьхьа бара.

3.Дагахь сецнарг д1аяздойту дешархошка. Тетрадаш схьагулдо.
4. Даккхий къамелаш а, аьшпаш биттар а, цкъа мацца а даьлла, гучудолуш хиларх дешархой кхетор.
5 Рефлекси .
6 Ц1ахь бан болх: Бакъонаш карлаяха,Даймохк,мостаг1- дешнашна фонетически къастам бан.

# Сочинени
# «Суна х1унда беза нохчйн мотт».

Мотт адамийн дахаран хазна ю. Иза адамаш массо а аг1ор вовшех кхетош болу Дала вайна белла тамашийна г1ирс бу.
Дуккха а ду дуьненахь меттанаш, ткъа царна юкъахь шен меттиг д1алоцуш, къаьсташ вайн нохчийн мотт бу.

Вайн мотт г1иллакхе а, оьзда а бу, мерза а бу. Иза къоман са, адамаллин куьзга а ду. Мотт вай лар ца бахь, цуьнан сий ца дахь, вайн къоман сий а дужур ду. Цундела вайна беза, вай 1амабо вешан нохчийн мотт.

Мотт д1абаьлча халкъан тезет, ловзар-синкъерам, дика-вон д1адолу. Уьш д1адевллачу халкъах халкъ ала йиш яц.Сайн сочинени ерзош суна дало луур дара вайн сийлахьчу яздархочо¸поэта Мамакаева Мохьмада ненан маттах лаьцна аьлла дешнаш:«Шен ненан мотт халкъо¸сий ойбуш 1алащбахь¸цу халкъан парг1ато цхаммо а хьоьшур яц! »
-Везачу Дала ницкъ г1улчаш йохуш¸Нохчийн меттан сий ларам ойбуш д1адаха.

# Сочинени: «Сан хьоме нана!

Нана уггаре ч1ог1а хаза а,деза дош ду.Суна ч1ог1а дукха еза сайн нана,х1оранне еза шен нана.Ненан когаш к1еллахь ю ялсамане олуш ду.Вай ларо еза,вай 1алаш я ез вайн нана.Вай кегий долуш вай лелин цо,буьйсан наб ца еш,юаг пархат ц юаш вайна яош,вай кога хоттийна цо.Вай кхоьллина волу Аллаха аьлла:уггаре дукха нана еза ез, шолг1а а нана еза ез,т1аккха да веза вез.Дала лар бойлавай наной.Дала цер во м гойтийл вайн.

Сан дерриг дахар ду сан нана.Суна ч1ог1а еза и ас лору массо а нана.Ас г1о до сан ненан массо а г1улкхаш деш:нуй хьокх, чан йокх,пхехаш д1айоха ишта г1о до ас сай нанна.Х1орна нанас шен бера дог хьоста.

## Изложени

## «Хьоза»

Талла вахана, беша юккъехула схьавог1уш вара со. Суна хьалха дедда доьдуш ж1аьла дара. Ц1еххьана шен болар лаг1дина, теба дуьйлира иза, шена хьалха цхьа олхазар долуш санна. Бешан йохалла д1асахьаьжча, з1акаран уллеш можа а йолуш, коьрта т1ехь месала пелагаш а долуш, жима хьоза гира суна. Бена чуьра охьадоьжнера иза (мохо ч1ог1а лестадора бешара дитташ), меттах ца хьовш хиина 1ара иза, х1етта девлла дог1у т1емаш, г1ор доцуш, даржа а дина. Сан ж1аьла жим –жимма доьдуш гергадахара цунна, ц1еххьана уллорчу дитташ т1ера цунна хьалха охьадуьйжира, некха т1ера пелагаш 1аьржа а долуш долухьоза-бага г1аттийна церган гуш 1ечу ж1аьлина, хьалха дусаделла буьрса хьерадаьлча санна, цкъа, шозза д1ай-схьай иккхира иза. Шен к1орнина хьалха иккхина иза к1елхьараяккхаг1ертара иза. Амма цуьнан жима дег1 кхерамах хебнера дог детталора, аз а лаг1деллера, дала дан хьийзара хьоза, шен дег1 а, са а ца кхоадора цо. Мел доккха, инзаре хета дезара цуьнна ж1аьла! Амма х1етте ашен лекхачу, кхерамехь доцчу диттан гона т1ехь ца 1ийра
иза.

План

1.Беша юккъехула схьавог1уш.

2. Ж1аьлин теба долар.

# Фонд оценочных средств 6 класс

# МХГ1Ф паспорт.

**Нохчийн мотт5 класс.**

| | Тема | **Дата** |
|---|---|---|
| **1.** | Талламан болх | **21.09.22** |
| **2.** | Сочинени | **12.10.22** |
| **3.** | Талламан болх | **24.10.22** |
| **4.** | Изложени | **28.11.22** |
| **5.** | Талламан болх | **15.12.22** |
| **6.** | Сочинени | **23.01.23** |
| **7.** | Талламан болх | **20.02.23** |
| **8.** | Изложени | **06.03.23** |

**Талламан болх**

**« Нана-Даймохк»**

Бийцина ца валлал, хаза, беркате мохк бу вайн. Тайп-тайпана дитташ долу хьаннаш ю, шера аренаш, лекха лаьмнаш. Чухьаьжча, юьхь-сибат а гуш, бухдуьйлу сирла шовданаш. Исбаьхьа чухчареш ю дешица, детица кхелина.

Дитта т1е олхазар хуу. Цо вайга дагара дуьйцу, шен зевне аз вайн дегнех а хьерчош. Т1аккха ойла кхоллало: «Ма хаза а, ма зевне а бу-кх хьо, Нана-Даймохк,»-олий. Иштта вайн мохк хаза, токхе хиларна деха вайца и тайп-тайпана олхазарш.

Бес-бесара бецаш ю, шеца олхазаршна дез-деза х1у а долуш. Стоьмаш бу: кхораш, комарш, стеш, хьармакаш (шиповник)… .

Уьш олхазарийн даарш ду. Адамаша олхазарийн 1уналла дан деза. 1ай арахь яах1ума а латтош, дитташ т1е гуйш а (кормушка) ухкуш… (113дош. С.-М. Гелагаев. «Олхазарийн дуьне-сан дуьне.»)

**Грамматически т1едиллар.**

*Морфологически таллам бе.*

1-ра вариант.

2-г1а вариант.

*Аренаш, ойла, стоьмаш.* *Бецаш, кхор, шовданаш*

3-г1а вариант.

*Мохк, дитташ,нана*

# Сочинени

## Ларде вай 1алам

1алам вайн лаьттан хазна ю. Цо ло вайна могушалла а, синкхача а, дахаран мел оьшу х1ума а. Цундела доккха маь1на долуш  ю адаман 1аламца йолу юкъаметтиг.

Нагахь адам 1алам дезаш, цунах кхеташ, цуьнан мах бан хууш хилахь, цу адаман дахар а хир ду чулацам болуш а, доккха маь1на долуш а.1алам дезаш волчу стага синтарш дохор дац, дитташ охьадетташ, хьаннаш а, бошмаш а х1аллакйийр яц, олхазаршна а, садолчу х1умнашна а ницкъ бийр бац. Царна оьшучохь г1о деш хи р ву: баннаш деш а, 1анхенахь ялта тосуш а. Нагахь лазийна олхазар  карадахь, цунна лоьралла дар а, къинхетам болуш хилар а т1едужу бусалбачу стагана. Масала: Хасаев Хь. яздинчу дийцаран т1ехь, коьртачу шина турпалхочо г1о до т1ам лазийначу ч1ег1аган. Цу суьрто вайна гойту 1алвий, Махьмий къинхетам болуш, 1алам дезаш дика ши к1ант хилар. Вай тешадо авторо царах буьззина къонахий хирг хиларх.Таханлерчу дийнахь адамо 1аламна беш берг боккха ницкъ бу. Ас ца юьйцу заводаш, фабрикаш, цара бехдеш долу даккхий хиш, х1аваъ. Уьш бехдар бахьана долуш, адамийн а, дийнатийн а могуишаллин хуьлуш долу зенаш.

Х1ора адаман декхар ду ша вехаш волу меттиг, урам ц1ена латтор, хьуьнах вахча а, кхечахь садо1а вахча а шена т1аьхьара охьакхиссина х1уманаш ца йитар, ша болх беш волу меттиг ц1ена латтор. Со тешна ю цу т1ера д1а а доладелла, вайн дахар дикачу аг1ор хийцалург хиларх.

**Талламан болх**
**«Новкъахь»**

Б1е ткъа километр некъ хьалхалецира автобусо. Х1ара ткъе ворх1азлаг1а вог1уш вара кху новкъа. Т1аьххьарчу ворх1-барх1 шарахь-м шера асфальт биллинчу новкъа атта йоьдура автобус.

Цо делкъале кхачавора Семёновке. 1одо кхоьссича санна йоьдура и, некъа йистера ялташ ягаръеш. Кхунна х1ора колл евзара кху новкъахь. Колл-м ян а яцара. Аьхкенан малхо къиза ягийна, хьакхаделча куьйга хадор долуш, нилха яьлла йоца ира буц яра.

Цхьа 1индаг1 а дацара б1аьрго ма-лоццу д1а, анайистах хотталучу, шерачу, ялта эрина ч1анаяьллачу арахь. Аренна т1е йижинчу йовхонан юькъачу тоьвнан тулг1еш хедош йоьдучу автобус чу довха х1о детталора.88 Шовзткъе пхоьалг1ачу шарахь кхо г1аш бинарг бара х1ара.

Х1етахь-м х1ара берриге а г1амаран бара. Ког баьккхича, мачаш къайлайовлура а багош, чуьра когаш а багош…

(112дош. Яшуркаев С. “Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх.»)

**Грамматически т1едахкарш.**

1. *Буха сиз хьакха билгалдешнашна а, терахьдешнашна а.*
2. *Морфологически таллам бе.*

1-ра вариант.

2-г1а вариант.

*Ткъе ворх1*

*керла (ло)*

3-г1а вариант.

*ворх1-барх1 (шо)*

**Изложени**

**«Дуьххьарлера хьехархо»**

Тхешан куьпарчу берашца школе йигира со а. Мел хаза хетара суна! Моьттура, дерриг дуьне оцу сайн жимачу т1оьрмиг чохь ду, цу чуьрчу абато со цхьана тамашеначу ирсе кхачор ю.

Лулахойн бераша хьехархочуьнга д1аелира со. Тхан йишин Элитин хенара йо1 яра иза. Х1етахь дуьйна дуккха а шераш д1адевлла. Амма суна цкъа а диц ц ало и де, сайн дуьххьарлерачу хьехархочун сурт а. Х1инца а гуш санна хета цуьнан эсала, екхна, к1айн горга юьхь, къинхетаме б1аьргаш, букъ буьззина ловзу стомма 1аьржа ши ч1аба, д1аса т1емаш тесна, даьржина 1аьржа ц1оцкъамаш, к1еда аз.

Суна а, тхуна массарна а Белител дагна хьоме адам дацара. Цо т1еюьйхина муьлхха коч, тиллина йовлакх, лергех оьхкина ч1агарш, когара мачаш – уьш механа мел йорах хиллехь а, тхуна исбаьхьа исбаьхьа хетара. Тхо дерриш а цунах тардала г1ертара. Тхуна юккъехь тасаделла доттаг1алла милла а хьоьгур волуш, довха, безаме дара.

Массанхьа а тхоьца яра Белита. Х1инца а ойла йо ас: цо ешаза книга, цунна ца хууш х1ума хила а хиллий техьа? Муьлхха хаттар шега даларх, эсала ела а къежий, нийса жоп лора цо. Дуьйцура муьлххачу а книгах лоций. Ткъа туьйранаш! Цкъа а к1ордор дацара цаьрга ладог1.

(160 дош) А.Айдамиров

**Талааман болх**
**«Ши к1ант тилар»**

Деъна са хилира. Гобаькkхина хьун яра льтташ. Цхьана а меттехь некъан лар яцара гуш.

Ши к1ант ц1ехьа верза лууш вара. Амма муьлхачу аг1ор ваха веза ца хууш, тиллера и шиъ. Мацвелла кийра 1ийжара.

Делкъхан хиллера. Бажа лелла некъаш карийча жимма сапарг1ат даьллера шина к1ентан. Ламанан дежийлашкахь гуш дара жа а, бежнаш а. Дукха гена валале, бетта мохь хезира шина к1антана.

Ц1ера т1аьхьа даьлла орца, сахиллалц маьхьарий, детташ, 1аннаш цоьстуш леллера. Лечий, 1алхий царна карор вара, и шиъ цхьаьна аг1ор д1аихна гена ваьлла ца хиллехь.

Шаьш 1ачу к1отарара вуьрх1итта-берх1итта километр хиллал д1аихна хиллера и шиъ. (Х-А. Берсанов)

Т1едиллар: 1. Терахьдешнаш билгалдаха.

2.Кхоалг1ачу предложенина синтакс. къастам бе

Сочинени

Хьоме Даймохк

Даймохк! Иза дешнийн гуламна юкъахь уггаре а деза а, сийлахь а дош ду, «Даймохк» аьлча Казахстанехь, Киргизехь бIаьргаш тIунлора вайн дайн,нанойн. Мел гена белахь а, Даймохк вайн хилар бахьана долуш дисира къам хIаллак ца хуьлуш, хIу ца довш. Леш верг, вала вижинарг, Даймохк цхьамма хьахийча, хьалагIоттура: сан вала йиш-м яц, Даймохк а ца гуш, – олий. Мацалла кIелвисинарг а, гIоттий, волалора. Оцу дашо гIора а, ницкъ а лой, гIаттавора иза…

Лело, дIакхехьа еза а, хала а цIе ю иза. Атта дац и цIе ларъян.. «Кхо хIума ду дуьнен чохь даима а цхьаьна а хила дезаш, вовшех даьхча кхоь а леш: Даймохккий, ненан моттий, халкъий. Тхо-м – нохчий, гIалгIай – Казахстанехьчул чомехь даа, цигахьчул дезаниг, хазаниг тIедуха ца даьхкиний тхешан махка, цIа, карахь-куьйгахь а, тIехь а доцуш. Тхо цIа оьху, Даймохккий, ненан моттий, тхешан къаммий цхьаьний бен мегаш дацарна» аьлла ,Сулейманов Ахьмада.Эзар жовхIарна юккъера цхьа жовхIар харжа таро хуьлу. Эзар динна юккъера цхьа дин харжа а таро хуьлу, ткъа Даймохк харжа а, хийца а таро йолуш бац. Иза хIора стеган а, къоман а цхьаъ бен хуьлуш бац. И цхьаъ бен боцу Даймохк йоIбIаьрг санна ларбан, Iалашбан беза, хIорамма шен са, хаарш, похIма, хьуьнар, доьналла, говзалла, кхоа а ца деш, дIадала деза.Дуьнен чохь къонахий мел дукха белахь а, къам доцург къонах вац, шен бийца къонахий боцург къам дац. Дуккха а адамех къам ца хуьлу.Нохчи нанас шен дуьххьара дуьнен чу ваьллачу кIантана ша йойтуш хилла зарговзе шаьлта. Шен кIант мара а вуллий, йоьдуш хилла иза зарговзан пхьалгIа. Цунна бIозза хьалха гинехь а, кIант дIагойтуш хилла: «ХIокху сан кIантана шаьлта е. Мах кхоор бац ас», – олий. Зарговзаца барт а бой, хан а юьллий, шаьлтана эчиг кечдайта юха а йоьдий, левси кховсуш, зарговзан гIоьнца варзап тухуш, нуьйжа екош, гIо деш хилла нанас, шен кIантана варзапан а, жIаьвнан а, нуьйжанан а гIар-гIовгIа а хозуьйтуш, цунна гойтуш. ТIаьххьара кхин цкъа кхерчахь цIий а йойтий, шен аьрру агIорхьара накха (тIар) гучу а боккхий, иза шен куьйга Iовдий шурин кIеж тухуш хилла цо цIиеллачу шаьлтанна тIе. Шура, йогий, кIур эккхаш хилла, тIаккха ша, шен аьтто куьйга схьа а оьций, шийлачу мохехь, шок йоьттуьйтуш ластайой, шелъеш, яхчош хилла. Шаьлтанан эчигана тIехь ненан шурин томмагIанаш дуьсуш хилла. ойла ейша, «Ойла ейша, нохчий!

Муха хила веза шен ненан шурица яхчийна шаьлта карахь йолу кӀант?! Муха хила еза шен кӀант иштта Даймехкан дуьхьа ваха а, вала а кечвеш хилла нана? Сий дейша вайн Ненан! Иза ю-кх нохчийн халкъан зӀенан чӀуг ца ходуьйтуш латтош ерг!

«Даймахкана хьалха гуора лаьттина со дукхазза. эхь а ца хеташ! сайн нанна хьалхагуора лаьттина со дукхазза. Эхь а ца хеташ! Цо сайна пурба делча бен гена новкъа ца ваьлла, дан дагалаьцна доккха гӀуллакх дола а ца дина... Даймохк дага беача вилхина со, эхь а ца хеташ! Даймахках къаьстича, къастийча вилхина со къайлах, эхь а ца хеташ! Даймахка со юха цӀа кхаьчча, вилхина со, эхь а ца хеташ! Амма ца вилхина мацвелча а, гӀелвелча а, мел йоккха харцо сайна тӀетаӀийча а, мел боккха сайна иэшам хилча а, зен хилча а.»(Сулейманов А.)

«Даймохк»! ЙоӀбӀаьрг санна, ларбелахь вайн ненан мотт. Деша дезачохь «Бисмилла» вайн ненан маттахь дешалахь, хьо дуьнен чохь мел деха, лечу сохьтехь «Ясин» а нохчийн маттахь деша Ӏамавелахь массо а! Амма:

«ЦӀийца цхьаьний бӀаьрхиш ийна,
Весет ду сан, кхана лахь:
ЦӀий хуьйдинчу вайн Даймахкахь
ЦӀий ма Ӏанадайталахь!».(Сулейманов А.)

Сан сийлахь Даймохк! Дайша йо1-б1аьрг санна ларбина хьо.Хьо маьрша,оьзда гаре сатуьйсуш ц1енчу нигатца яккъаш йихкина Делан дуьхьа ,эгна вай к1ентий.

Шовданаша ц1анбина т1улгаш санна,буса къаьсттина серла богу Къилбаседа санна ,1уьйренаш ,суьйренаш мел ю эзарний шерашкахь ехийла хьо-сан Нохчийчоь!

**Изложени**

**«Гуьйренан юьхь»**

Т1е к1урз биллинчу тхевнах терачу стиглара бутт, иккхинчу кехат латийна, шиша т1ехь долу чиркх, мехкдаьтта кхачийча санна, д1абайра : ткъа седарчий-м тоххарехь гучуьра д1адевллера.

Буьйса т1етт1а 1аржлуш лаьттара : мохо схьалоьхку мархаш, лаьтта т1е буьззина бода х1оттош, 1аь1аш яра. Из яра нохчийн ярташкарчу ц1енош чохь, товхашна хьалха а хевшина, 1аьржа б1аьргаш долчу бараша, г1ийлачу ц1ергахь херца а хоьрцуш, хьажк1аш йотту зама. Теркаца г1ум г1аттош, хьекха болабелира цхьа ирча мох. Ткъес деттаран лепарехь гуш хуьлура лаьхьанах терачу, г1ашший, генашший д1аидочу, цу Теркан асанан масаллий, аьрхаллий, лаьтта т1ехула акхтаргашший, дог1ано етта тулг1енашший. Дохк санна юькъачуй, оцу буса инзаре акхачуй хьуьнхахь, дезачу а, дег1е зуз доуьйтучу а озанца, шен к1езех хаьдча санна, уг1уш борз а хезара лахахьуо хин йистехь. Цуьнан уг1ар, дог1анца дера хьоькхучу мохан уг1арх д1а а оьй, цхьаъ хуьлий д1адахлора цкъа, юха а къаьстара, д1аоьра т1аккха а. Оцу лерг г1елдчу, дог те1очу г1аранна юккъехула наг-наггахь, халла, къорра схьахедара .Теркал дехьарчу нохчийн юьртахь ж1аьлеш летар.

Буьйса йоьхна еанера.

**План.**

«Бутт 1аржлуш лаьттара».

«Иза яра гуьйре юлу зама».

«Уг1уш юьртахь ж1аьлеш летара».

«Нохчийн юьртахь ж1аьлеш летара».

**Талламан болх**

**« Олхазарийн дуьне.»**

Берахь дуьйна хилла со олхазарш дезаш.
Х1инца воккха мел хили а,
ч1аг1луш схьабог1у сан цаьрга болу безам. Царех вуно
ч1ог1а самукъадолу а сан. Дала ма-кхоллара, ц1ена,
исбаьхьа ду олхазарийн дуьне. И дуьне девза-
черан синош даима а сирла, ц1ена хир ду ,
Дала азаллехь кхоьллина ма-хиллар.
Сан дов хилла олхазарийн бенаш дохош болчаьрца,
уьш лазош, заь1апдеш болчаьрца. Уьш адамех теша,
ткъа цхьадолу адамаш къиза хуьлу
цаьрца, къинхетам бохург х1ун ду а ца хууш.
Делах ца кхоьру хир бу-кх уьш.
Олхазарша, пайда бар бен, зен ца до.Уьш ца
хилча сагалматаш дебар яра.
Ораматийн дуьне г1ийла хир дара я хиллане а хир а дацара.
Олхазарш вайх тешна ду,-вай царех тешна ду.
Дуьненахь Дала мел кхоьллина х1ума вовшашцца йоьзна ю.